EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 6.051 www.in-academy.uz




# ТӘЖУДДИН ӘЛ КЕРДЕРИЙ ҲӘМ ОНЫҢ ИЛИМИЙ МИЙРАСЛАРЫ

**Абдурахман Идрисов**
Қарақалпақ илимий изертлеў институты докторанты
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10649070

**ARTICLE INFO**
Received: 05th February 2024
Accepted: 11th February 2024
Online: 12th February 2024

**KEY WORDS**
*Кардар, Кердер, Тәжуддин Кердерий, Ҳайратул фуқаҳа, Әдабалий, Ал-Муфийд ўал-мәзийд фий шәрҳит-Тәжрийд.*

**ABSTRACT**
*Бул мақалада Кердер үлкесинен шыққан алымлардан бири – Тәжуддин Абдулғафуўр ибн Луқман ибн Муҳаммад ал Кердерий өмир баяны ҳәм мийнетлери ҳаққында мағлыўматлар келтирилген.*

Қарақалпақстан аймағында тарийхта көп алымлар жетистирип шығарыўы менен белгили болған Кердер ўәлаяты болған. Тилекке қарсы бул дияр алымлары жетерли дәрежеде үйренилмеген. Биз сөз етпекши болған Абдулғафуўр ибн Луқман ал Кердерий усы диярдан шыққан алымлардан бири.

«Имам Абдулғафур[1] ибн Луқман[2] ибн Муҳаммад ал Кердерий. Бул кисиниң уламалар арасында дәрежеси, илими жоқары болғанлықтан «Шәрофул-қуззот» – қазылардың уллысы, «Тәжуддин» –динниң тажы, «Әбиўл-Мәфәхир» (Мақтаныш әкеси), деп лақапланған. Ол Ески Хорезм диярының Кердер ўәлаятында туўылған. Ҳалаб қаласында қазы болып ислеген ҳәм сол қалада қайтыс болған»[3]. Туўылған жылы мәлим емес, шама менен ҳижрий алтынша әсирдиң баслары.

Абдулғафуўр ал-Кердерий Әбул Фазл Абдурраҳман ибн Муҳаммад ал-Кирмәнийден фиқҳ илимин үйренип, Әбиў Таҳир ас-Синжий ал-Мәрўәзийден бир неше китапларды жазып қалдырған. Сондай-ақ, “Ал-Мәтәлиъ” ҳәм “Баянул ҳикмә” китапларын жазған алым Сиражуддин ал-Әрмәўийден де сабақ алып, көплеген илимлерди ийелейди. Фиқҳ илиминде ең уллы алым дәрежесине жетип, сол дәўирде аты Ислам әлемине танымал болады.

«Әш-Шәқоиқун-нуъмәнийя» китабында айтылыўынша, «Изниқ» медресесинде сабақ берген. Даўыт ал-Қайсарий қайтыс болғаннан кейин султан Орхан оны ал-Қайсарийдың орнына мударрис етип қойған. Ол жерде бир мүддет мударрис болып ислеген. Сол заманның талабалары оннан сабақ алған.

[1] Айырым дереклерде Абдулғофуўр емес, Абдулғоффар, деп айтылған. «Ҳидаятул арифийн»
[2] Айырым дереклерде әкесиниң аты Луқман емес, Нуъман деп айтылған.
[3] Хойруддин Зириклий, «Ал Иълам», Дамаск қаласы, «Дәрул илим» баспаханасы, 2002-жыл 32-бет.

Абдулғафуўр ал-Кердерийдиң еки қызы болып, биреўин шайх Едебәлий[4]ге берген, Едебәлий заманының ең уллы шайхы болған.

Едебәлий Усманий мәмлекетиниң дүзилиўинде мәнаўий жетекши алым болған. Усман бийдиң баласы Ертуғрул Едебәлийдиң қызына үйленген.

Абдулғафуўр ал-Кердерийдиң екинши қызына Хайруддин ал-Қазый үйленген. Хайруддин ал-Қазый кейиншелик ўәзир болып Хайруддин Паша аты менен танылған.

«Исенимли рәўиятларда айтылыўынша, Султан Орхан ал Ғазый Изниқ қаласы ушын кәпирлер менен урыс алып барғанда, кәпирлер ҳәр тәрептен султанға қарай келе баслады, султан не қыларын билмей, бурын өзиниң қулы болған, кейиншелик әскербасы болған әсир Шаҳин менен мәсләҳәтлести. Ол қамал исин даўам еттириў керек екенин айтты. Сонда әмир Шаҳин: «Егер бул кәпирлерден қолға түсетуғын ҳәмме олжаларды маған беретуғын болсаңыз, мен олардың үстине басып бараман», дейди.

Султан бул усынысты қабыл етеди, әмир Шаҳин кәпирлердиң үстине басып барып, олардың әскерлерин жеңди. Кәпирлерден жүдә көп олжа қолға киргизилди.

Султан Орхан ал Ғазый қылған исинен қатты өкинди. Себеби енди ол олжалардан айырылған еди. Сонда султан Орхан ал Ғазый сол дәўирдиң ең үлкен уламасы Абдулғафуўр ал-Кердерийдиң алдына барып, әмир Шаҳин менен арасында болған ўақыяны ҳәм олжаларды оған бериўи ҳаққындағы гәпин айтып берип, бул бойынша фатўа сорайды. Сонда Мәўла Абдулғафуўр ал-Кердерий: «Ол сениң қулың ба ямаса азат еткенсең бе оны?», деп сорайды султаннан.

Султан Орхан ал Ғазый: «Оны азат еткенмен», деп айтады. Сонда Маўла Абдулғафуўр ал-Кердерий әмир Шаҳинниң ҳақына мәселени шешип береди ҳәм: «Қолға түскен олжалар Әмир Шаҳинниң ҳақы, оны алып қойыўың дурыс емес», деп айтады.

Султан Орхан ал Ғазый Абдулғафуўр ал-Кердерийдиң фатўасын қабыл етип, сол қаладан қолға киргизилген бәрше олжаларды әмир Шаҳинге береди. Әмир Шаҳин де өз нәўбетинде бул мал-мүликлерди саўаплы ислерге сарплайды. Әмир Шаҳин Бурса қаласында медресе, Кармастий ҳәм Зәўия қалаларында көпир қурдырады»[5].

Бираз ўақыттан кейин Ҳалабқа барып, ол жерде Ҳаддаддин медресесинде де мударрислик еткен. Ол мудамы қасына илими талиблерди жыйнап, сабақ берип келген. Оның атақлы шәкиртлеринен бири шайх Шиҳабуддин Әбул Фазл Муҳаммад ибн Юсуф Әлий ал-Ғазнаўий. Шайх Шиҳабуддин ал Ғазнаўий Абдул Ғафуўр ал Кердерийдиң алдында жүдә көп илимлерди ийелеген, Абдул Ғафуўр ал Кердерийдиң алдында «Ўақыят» китабын оқығаны ҳаққында «Жәўҳаратул Мудийя» китабының авторы былай деген: «Мен «Ўақыят» китабын көрдим, ол китапта Муҳаммад ибн Юсуф аты жазылған екен ҳәм онда ол китапты оқығаны, оны оқып таўысқаны, оны Абдулғафуўр

---

[4] Арабшада Әдиб Әлий, делинген, түркшеде Едебәлий, делинген.

[5] Ташкөпирзада «Зәйлуш шақоиқун нуъмания фий уламаид дәўлатил усмания», Бейрут, «Дәрул кутубил арабия» баспаханасы, 2012-жыл, 9-бет.

ал Кердерийге ҳижрий 559-жылы 22-Шаъбан Сийшемби күни оқып таўысқаны жазылған екен»[6].

Султан Нуруддин Муҳаммад Зәнкий дәўиринде Ҳалабтың қазысы болған ҳәм сол жерде 562 Ҳ.(1166 м.) жылы қайтыс болған[7].

Абдулғафуўр ал Кердерий Ҳалабта қазы болған ўақты ҳаққында түрли китапларда көп ўақыялар жазылған. Солардан бирин төменде келтиремиз: «Жума күни Ҳалабтағы мешит адамлар менен тығылыс болып кететуғын еди. Шайх Әбул Ҳусайн жүзин кийим менен жаўып мешитке келди, таҳараттан қалған суў сақалында көринип тур еди. Ол минбардың қасында отырды. Намаз оқып болынғаннан кейин адамлар Шайх ҳаққында еки топарға бөлинип алды. Бир топар адамлар Шайх Әбул Ҳусайнды намаз оқыды, десе, екинши топар намаз оқымады, дер еди. Биринши топар Шайх Әбул Ҳасан имам менен руку ҳәм сәжде етти, бирге намаз оқыды, деп ант ишти, екинши топар, ол намаз оқымай қуры отырды, деп ант ишти.

Бул еки топар адамлар Тажуддин ал Кердерийдиң алдына барып усы мәселени яғный, енди қайсы топар ишкен анты ушын каффарат төлеўи керек екенин сорады. Имам Тажуддин ал Кердерий сол дәўирде Ҳалаб қаласында фатўа ҳәм қазылық ислерин басқаратуғын еди. Адамлар өзлериниң мәселесин Тажуддин ал Кердерийден сорады. Тажуддин ал Кердерий: «Сизлер Шайх Әбул Ҳусайнның алдына барың, оннан дурысын сорап алың, ол бул бойынша сизлерге туўры жолды көрсетеди», деди. Адамлар Шайх Әбул Ҳусайн раҳматуллаҳи алайҳке барып жағдайды айтты ҳәм кимлердиң анты қәте болғанын ҳәм соған көре кимлер каффарат төлеўин сорады, Шайх Әбул Ҳусайн намаз оқымады дегенлерге қарап: «Сизлер мениң намаз оқығанымды көрдиңиз бе?», деди, олар: «Яқ», деп жуўап берди. Шайх оларға: «Сизлер кете бериң, антыңыз бузылмаған», деди. Намаз оқыды деп ант ишкенлерге қарап: «Сизлер мениң намаз оқығанымды көрдиңиз бе?», деп сорады. Олар: «Аўа», деп жуўап берди. Шайх оларға: «Кете бериң, сизлер де антыңызды бузбадыңыз», деди. Олар ҳәммеси Тажуддин Кердерийдиң алдына қайтып барып жағдайды айтты, сонда Имам Кердерий: «Шайх Әбул Ҳусайн дурыс фатўа берипти», деген екен»[8].

Ол Ҳанафий мәзҳабында фиқҳ ҳәм усулул-фиқҳ тақырыпларында бир неше китаплар жазып қалдырған ҳәм танымал фиқҳ китапларына шарҳ жазған.

Жерлесимиз Әбиўл Мәфәхир Абдул Ғафуўр ал Кердерийдың төмендеги китаплары бар екенлиги айтылған:

1. "Ал-Муфийд ўал-мәзийд фий шәрҳит-Тәжрийд". Бул китап оның устазы Әбиўлфазл Абдураҳман ибн Муҳаммад ал-Кирмәнийдың «Тәжрийд» китабына жазған шарҳы. Китап үш томнан ибарат.

Кәфәўийдиң жазыўынша оның қолында бул китаптың екинши томынан бир нусхасын бар болып, китап "Әл-Мәзийд ўәл-муфийд" деп аталған екен. Ол Абдулғафуўр Кердерийдың шәкирти шайх Шиҳабуддин Әбиўлфазл Муҳаммад ибн Юсуф Әлий ал-Ғазнаўийдиң қолы менен көширилген. Бул нусха «Никаҳ» китабы менен басланып «Ширкәт» китабы менен таўсылған.

---

[6] Абдулқәдир ибн Муҳаммад Кураший, «Жәўҳәротул мудийяти фий табақотил ҳанафия», Эр Рияд, «Дәрул иҳяил кутубил арабия» баспаханасы, 1978-1988-жыллар 4-том, 411-бет.
[7] Базы дереклерде 552-жылы қайтыс болған делинген.
[8] Ибн Адийм, «Буғятут толаб фий тарийхи ҳалаб», Бейрут, «Дәрул фикр», 2008-жыл, 416-бет.

2. «Шарҳ ал-жәмиъ ал-кәбийр лиш шайбаний».

3. «Шарҳ ал-жәмиъ ас-соғийр лиш шайбаний».

4. «Ҳайратул-фуқаҳа фил мәсәили әлләтий таҳаййро фаҳмуҳал улама»". Бул китапта фиққий мәселелер келтирилген болып, олар фиқҳ китапларының баплары тийкарында тәртипке салынған. Бирақ бул китаптың парықлы тәреплери сонда, оған киргизилген мәселелер оларды шешиўде фақихларды ҳайран қалдыратуғын ҳәм алымлардың жуўап бериўинде қыйнап қоятуғын дәрежеде жоқары жазылғаны болған. Имам Кәфәўийдиң айтыўынша, бул китап сол дәўирде қолдан қолға өтип жүдә атақлы болған.

5. «Шаҳруз Зиядат». Бул да имам Шайбаний раҳматуллаҳи алайҳтиң фиқққа арналған китабының шарҳы.

6. "Усулул-фиқҳ". Бул китап "Усулул-Кердерий" аты менен де жүритиледи.

7. «Ал-Интисор ли Әбий Ҳанийфа фий ахбәриҳи ўә ақўәлиҳи» (Хабарлары ҳәм сөзлери бойынша Әбиў Ҳанийфаның утысы)[9].

## References:

1. Хойруддин Зириклий «Ал-Аълам». Дамашқ, «Дәрул илм» баспаханасы, 2002-жыл. 4-том,

2. Ташкөпирзада «Аш Шақоиқун Нуъмания». Бейрут, «Дәрул кутубул арабия» баспаханасы, 2012-жыл. 140-бет

3. Абдулқодир ибн Муҳаммад Қураший «Жәўҳәротул мудийя фий тобәқотил ҳанафийя». Ар Рияд, «Дәрул иҳяул кутубул арабийя ўә Дәрул улум» баспаханасы, 5-томлық китап. 1978-1988-жыллары баспадан шыққан.

4. Исмайыл Пашша Бағдадий «Ҳидаятул ъарифийн». Истамбул, 1951-жыл, 1800-бет.

5. Абдулҳай Ләкнаўий «Ал фаўаидул бәҳийя» . Қаҳира, «Ас саъада» баспаханасы, 1906-жыл, 263-бет.

6. Ибн Адийм «Буғятут толаб фий тарийхи ҳалаб». Бейрут, «Дәрул фикр» баспаханасы, 2008-жыл 5863-бет.

7. Муҳаммад ибн Аҳмад аз Заҳабий «Сияру Аъламун нубала». Бейрут, «Бәйтул әфкәр» баспаханасы, 2004-жыл, 4683-бет.

8. Ибн Қутлы Буға «Тәжут тарожим». Бейрут, «Дәрул қолам» баспаханасы, 1992-жыл, 567-бет.

9. Ҳажы Халийфа «Кашфуз зунуўн». Бейрут, «Дәру иҳяит туросил арабийя», 2006-жыл, 1123-бет.

10. Абдулҳай ибн Аҳмад «Шәзәротуз зәҳәб», Бейрут, «Дәру Ибн Кәсийр» баспаханасы. 1986-жыл, 5802-бет

11. Абдулҳаким Жузжаний «Ислом ҳуқуқшунослиги». Ташкент, «Ташкент Ислом университети» баспаханасы, 2002-жыл, 256-бет.

[9] Хойруддин Зириклий, «Ал Иълам», Дамаск қаласы, «Дәрул илим» баспаханасы, 2002-жыл 531-бет.